Япэ дыщэ медалыр къэралым адыгэ щIалэм къыхуехь!

Олимп чемпион, 2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) щекIуэкI XXXI Олимп Джэгухэм дзюдомкIэ щытекIуа Мудрэн Беслъэн хуэгъэзауэ

Пщ1э зыхуэсщI Беслъэн Заудин и къуэ!

Си гуапэу сынохъуэхъу Рио-де-Жанейрэ къыщыпхьа «дыщэ» текIуэныгъэмкIэ. Уи хьэрхуэрэгъу Iэзэхэмрэ цIэрыIуэхэмрэ уебэнкIэрэ, уэ уи къарумрэ лъэщагъымрэ бгъэлъагъуэри, пьедесталым щIыхь зыпылъ и теувапIэм удэкIуеящ.

Урысейм и командэ къыхэхам къыхуэпхьа япэ текIуэныгъэм ди спортсмен псоми я дежкIи абыхэм ядэщIхэмкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Спортми гъащIэми сыт щыгъуи ехъулIэныгъэшхуэхэр ущиIэну сынохъуэхъу!

ПУТИН Владимир.

кIуэкIуэ Юрий: «Си фIэщ мэхъу Мудрэн Беслъэн и текIуэныгъэр Урысейм и командэ къыхэха псом Олимп джэгухэм ехъулIэныгъэ хэлъу зыкъыщигъэлъэгъуэным и пэщIэдзэу зэрыувынур»

Урысейм и командэ къыхэхам япэ Олимп дыщэ медалыр къыхуэзыхьар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен Мудрэн Беслъэнщ.

КIуэкIуэ Юрий ехьуэхъуащ чемпионымрэ абы и гъэсакIуэхэмрэ. «Уи текIуэныгъэм, - жиIащ щIынальэм и Iэтащхьэм Беслъэн телефонкIэ зыпищIэри, - Олимп командэ къыхэхам и дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ иIэщ. Си фIэщ мэхъу ар урысей спортсменхэм Рио-де-Жанейрэ зэпэщу зыкъыщыгъэлъэгъуэным и пэщIэдзэу зэрыувынур. Олимп джэгухэм зыщыхуагъэхьэзырым Урысейр зихуэдэ щымыIэ гугъуехьхэм Iууа пэтми, ди спортсменхэр къызэфIэмыщIэну зэи хуэмыдэу лъэщ дыдэщ. Нобэ ди къэрал псоми хуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр уэркIэ мэгушхуэ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● АПК

Мэл лъэпкъыфIхэм зрагъэужьыж

Бадзэуэгъуэ кIуам и 1-м ирихьэлIэу къыззэрабжамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэ лIужьыгъуэ псоми мэлрэ бжэну 379700-рэ щаIыгъщ.

РЕСПУБЛИКЭМ и япэ вице-премьер, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Говоров Сергей къызэригъэлъэгъуамкIэ, иужьрей илъэсхэм ди щIынальэм а Iэнатlэр щызэтовэж.

- Зейм емыльытауэ, мэкъумэш хозяйствэ псоми фейдэ зыпылъ а Iуэхум я гупэр хуагъэзэж. Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэщIагъэлIхэм я мурад быдэщ мэл лъэпкъыфIхэм зрагъэужьыжыну. Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI лэжьакIуэхэр ди машIэкъым. Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ящыщу мэл гъэхъуныр игъащIэми ди лъэпкъхэм ядакIуэкI. Къуажэдэсхэм я нэхъыбэм абы хэхъуэ къыпахырт, ар я мылъку хэкIыпIэм, я зэIуэпэщыныгъэм и лъабжьэт, - кIыхьгъэщащ япэ вице-премьерым.

Говоров Сергей зэрыжиIамкIэ, къэралым и ерыскъыпхъэ рынокым мэлхэкIэхэм щалэ щIэупщIэм нобэ куэдкIэ щыхэхъуащ. Абы Iэмал хъарзынэ къарет фIагъ зиIэ, нэгъэущIхэм ефIэкI апхуэдэ продукцэу кьалэжьым дяпэкIэ хагъэхъуэну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Щ1эрыщ1эу зыхуагъазэ

● ЖКХ

Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм пыщIа организацэ псоми ЖКХ-м и къэрал хъыбарегъащIэ IэнатIэм и чэзум зыщрагъэтхын хуейщ.

КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупlэ кlэлъыплъыныгъэмкlэ и къэрал комитетым токlэ, газкlэ, хуабэкlэ, псыкlэ къыззэрыгъэпащ Iуэхущ1апIэхэм, ЖКК-хэм, ЖСК-хэм, нэгъэущI кооперативхэм мы гъэм и мазаемрэ и мэкъуэгъуэмрэ зэрыщIэупщIэ тхыльхIэ захуигъэзащ.

КъызэрахутамкIэ, апхуэдэ IэнатIэрэ кIэрыхьубжьэрыху пкъыгъуэ быдзэхэм елэжьу 18-м бадзэуэгъуэм и 15-м ирихьэлIэу ЖКХ-м и ГИС-м зыщрагъэтхатэхьым. Абы къыхэкIыу, а организацэхэм я унафэщIхэм чэнджащ тхыгъэкIэ щIэрыщIэу зыхуагъэзащ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и къэрал хъыбарегъащIэ системэм зыщрагъэтхыу, дыззрыт шыщхьэуIу мазэм и 15 пщIондэ тхыльхIэ жэуап крататыжыну.

КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупlэ кlэлъыплъынынгъэмкlэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщ

Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м къыщыщIэдзауэ шыщхьэуIум и 5 пщIондэ лэжьапIэншэу зезыгъэтхауэ учётым щытхэр процент 1,3-кIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ мащIэ щыхъуащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и щIыналъэрэ кьалэу 8-м апхуэдэхэм я бжыгъэм щыкIэрыхуащ. Нэхъ мащIэ щыхъуар Тэрч, Iуащхьэмахуэ, Шэджэм районхэрщ. Iэнатlэ кьахуэзыльыхьуэ Iуэхущ1апIэхэм мы илъэсым кIуриубыдэу цIыху 4582-м зыщIагъэкъуащ, лэжьапIэ кьыхуагъуэтащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

НОБЭ

♦Щалъхуа щIыналъэ щыпсэуж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ

♦Болгарием и Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ

♦Канадэм щагъэлъапIэ мамырщIэкъуэм я махуэр

♦США-м и мэзхэр мафIэсым щыхъымэным и лъэпкъ махуэщ

♦Сингапур Республикэм и махуэщ

♦ЮАР-м щагъэлъапIэ цIыхубзхэм я махуэр

♦1173 гъэм Пиза къалэм (Италие) ухуэн щыщIадзащ чэщанэ. Ар дуней псом цIэрыIуэ щызыщIар лъэныкъуэкIэ ещIауэ зэрыщытырщ. 1173 - 1250 гъэхэм ищхъэрэкIэ, 1272 - 1997 гъэхэм ипщэкIэ ещIащ. А чэщанэр дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэм яхибжащ ЮНЕСКО-м.

♦1859 гъэм Америкэм щыщ Эймс Натан эскалатор къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ къратащ.

♦1940 гъэм Берлин - Багдад гъущI гъэгур ухуэн яухащ.

♦1942 гъэм блокадэм ит Ленинград кьалэм щагъэзэщIат Шостакович Дмитрий и «Ебланэ симфониер».

♦1945 гъэм СССР-м Японием зауэ ирищIыIащ, и дзэхэр Маньчжурием ирищэри.

♦1945 гъэм Японием и Нагасаки кьалэм США-м и кхъухьльатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ. Цыху мин 74-рэ хэкIуэдауэ, кьалэм щыщ Iыхьэшхуи зэтракъутауэ щытащ.

♦1965 гъэм Сингапурыр Малайзием кьыхэкIри, къэрал щхьэхуэ хъуащ.

♦1990 гъэм Карельскэ АССР-м и къэрал суверенитетым теухуа унафэр кьащтащ. 1991 гъэм кьыщыщIэдзауэ ар УФ-м щыщ Карелие Республикащ.

♦1990 гъэм «Эхо Москвы» радиостанцым лэжьэн щIидзащ.

♦1992 гъэм Барселонэ (Испание) щызэхущIыжащ XXV Гъэмахуэ Олимп джэгуэр.

♦Кавказым и археолог, археограф **Берже Адольф** къызэралъхурэ илъэси 188-рэ ирокIу.

♦Политик, 1994 - 2005 гъэхэм Украинэм абы и президенту щыта **Кучмэ Леонид** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Вындыжь Мариие** къыщалъхуа махуэщ.

♦Америкэм щыщ уэрэджыгъакIуэ, актрисэ **Хьюстон Уитни** къызэралъхурэ илъэс 53-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешыхынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 20 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Умылъэгъуам щыхьэт утемыхъуэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр егъэфIэкIуэным теухуа зэIущIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр егъэфIэкIуэным, зегъэужьыным теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ муниципалитетым и лIыкIуэхэр, республикэм и промышленнэ предприятэ зыбжанэм, КъБР-м гъэзгу хозяйствэмкIэ и управленэм я унафэщIхэр, архитекторхэр.

КЪЫIЭЗХУЭСАХЭМ гу зылъытапхъэу кьыхагъэщащ кьалэкIуэгI бжьамий зэхэкIыпIэхэр зэгъэпэщыжыныр, машинэ гъэувыпIэхэр гъэпсыныр, жэщым кьаблэ лампIхэр зыхуей хуэгъэзэжыныр. Къэбэрдей уэрамыр зэрагъэдахэм и япэ Iыхьэр зэфIэгъэкIынымкIэ щIапхъэхэр яубыхуащ. А уэрамым тет унэхэр, псыутхэр, удз гъэкIыпIэхэр екIуэ-ещхьу гъэпсынымкIэ гупсысэщIэхэр къыхалъхьащ. Ахэр уэрамым и теплъэм сыткIи еэзгъыу щытыпхъэщ. КъэкIуэну зэманым зэлэжьынухэм ящыщщ «Победа» кинотеатрыр зэгъэпэщыжыныр, пльэ лъагъуэхэмрэ парк ихьэпIэхэмрэ зэхуэгъэкIуэныр, кьалэм тхьдэ мыхьэнэ зиIэ и Iыхьэм и гъунэгъу адрей уэрамхэри зыхуей хуэгъэзэныр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Мудрэн Беслъэнрэ УФ-м дзюдомкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Тау Хьэсэнбийрэ текIуэныгъэр эздагъэлъапIэ.

● Республикэм и щIыналъэхэм

Налшык

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъэмрэ Налшыкрэ я махуэхэм егугъуу зыхуагъэхьэзыр кьалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэмрэ республикэм и художественнэ ансамблхэмрэ.

ЩЫХЬЭРЫМ и утыкухэм гуэшауэ концерт щатынущ уэрэджыкIакIуэ, къэфакIуэ гупу 20-м наблагъэм.

Концерт зэмылIэужьыгъуэхэр щекIуэкIыну щыIпIи 6 Налшык щагъэхьэзыр. Абыхэм екIуэлIэнухэм я гукъыдэжыр къэзыIэтыныхэм яхэтынущ КъБР-м и артист цIэрыIуэхэри уэрэджыкIакIуэхэри.

Дзэлыкъуэ

Хэгъуэр йокIуэкI

«Верхнемалкинскэ» мэкъумэш Iуэхущ1апIэм бжьыхьэсэ хьэпцIий къудейуэ гектари 100 зэщIикъуэжащ.

ХЭГЪУЭР кIэрыхуншэу къехьэлIэнымкIэ жэуап зыхь Iэщ1агъэлI Нэчо Руслан дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, гъавэр Iейкъым. Хьэщэпэщэм и Iухьжыгъуэр уэфI зэпыту зэрекIуэкIыр мэкъумэшыщIэхэм сэбэлышхуэ кьахуэхъуащ икIи зы гектарым хуэзэу ику иту гъавэу кьытрахар центнер 30-м нос. Языныкъуэ щIыпIэхэм ар центнер 45-м щынэблагъащ.

СХПК-м мы гъэм хисар бэвагъкIэ адрейхэм ефIэкI «Мамлюк» лIэужьыгъуэрщ. Хьэпцийм кьыкIэрымыхуу мы Iуэхущ1апIэм и чэзум къыщрахьэлIэжащ бжьыхьэсэ гуэдзри. Ахэр гъавэ хъуманIэхэм занщIэу ирагъэшащ. Мы зэманым нэщI кьэхъуа хьэсапкъэхэр зэравэным иужь итщ.

Шэджэм

ЩIыуэпсым щысхьу ягъасэ

Шэджэм щыналъэ администрацэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI жылагъуэхэр зэщIэгъэкъэбзэным теухуауэ.

ШЭДЖЭМЫМ илъэс етIуанэ хъуауэ щагъэзащIэ щIыуэпсыр хъумэнымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм гулыитэ хуэщIынымрэ ятеухуауэ яубзыха Iуэхухэр. 2020 гъэ пщIондэ къызэщIэзыубыда а Iуэхухэм жыджэру хэтщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, еджакIуэхэр, щIалэгъуалэр.

Къапщтэмэ, курыт школхэмрэ сабий садхэмрэ щIыуэпсыр хъумэным теухуа дерсхэр щрагъэкIуэкI. Гъэ еджэгъуэщIэм и пэщIэдзэм щыщIэдзауэ а лэжьыгъэхэм пащэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Олимпиадэ-2016

Урысей Федерацэм и япэ дыщэр Мудрэн Беслъэн зыIэрегъэхьэ!

Хуабжьу гуфIэгъуэшхуэкIэ щIидзащ мэрем кIуам Бразилием и Рио-де-Жанейрэ къыщыззIуаха XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгуэм. Абы и япэ махуэм Урысей Федерацэм дыщэ медалыр къыщыхуихьащ Бахъсэн кьалэм щыщ адыгэ щIалэ Мудрэн Беслъэн – дзюдомкIэ килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм ар Олимп чемпион щыхъуащ!

ДИ КЪЭРАЛЫМ и дзюдоист нэхъ лъэщ дыдэхэм мы гъэм и пэщIэдзэм Сочэ щрагъэкIуэкIа зыгъэсэныгъэхэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къызэрырихьэлIам теухуауэ «Къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкIэ йофIэкI» (№3-м), «Къэралым и унафэщIым текIуэныгъэм трегъэгушхуэ» (№4-м) тхыгъэхэр ди газетым тетащ. Абыхэм кьыщыхэдгъэщат Мудрэн Беслъэн къэралым и Iэтащхьэр къызэригъэгугъар Рио-де-Жанейрэ дыщэ медалым щыщIэбэныну. Путиныр ар нэхъри тригъэгушхуат: «Сыт жыпIэр?! Къэбэрдейхэр японхэм нэхъэрэ куэдкIэ нэхъ лъэщщ. ИIэ, ятекIуэ...»

Мис иджы ар къэхъуащ! Къэбэрдей щIалэр и хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIри, Олимп лъагапIэм къыщыхутащ. Ар тынштэкъым.

Бразилием щызэхэтыну Олимп джэгуэм япэ кьихуэу щыIа псэлъэмакъ, Iузку мыщхьэпэ куэдым иужькIэ ди къэралым и спортсменхэм я гур ихауэ абы ирихьэлIэн хуейт. Арат зыщыгугъар ди ныкъэхъуэгъуэхэри. АрщхьэкIэ...

XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгуэм я япэ махуэм утыку къихьэнут дзюдомкIэ щэнейрэ Европэм и чемпион, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и мастер ди лъахэгъу Мудрэн Беслъэн. Абы тепыIэншэу дыпэплъэрт, дэтхэнэ зы хьэбарри къэтпхъуатэу телевизорымрэ интернетымрэ дабгъэдэсу.

Мудрэным и япэ хьэрхуэрэгъу, Голландием къикIа Мурен Джерен адыгэ щIалэм къыпигъэувын иIакъым. Беслъэн ар хигъащIэри, Армением щыщ Давтян Ованес финалым и 1/8-нэ Iыхьэм щыIущIащ. Абыи зэрелIэлIэщ щыIэкъым. АдэкIэт зэпэщIэтыныгъэ нэхъ гугъуэхэм щыщIидзэр.

Финал ныкъуэм кIуэн папщIэ адыгэ щIалэм къыпэуващ дунейпсо рейтингым щыпащэ Ким Вон Чжин. Корее Ипщэм щыщ дзюдоистыр лъэщым и закъуэтэкъым, атIэ хьилагъи зыхэлът. Ар тIэунейрэ «зэрымыщIэкIэ» Беслъэн и нэм щIэIэбащ, абыкIэ нэхъ мыхъуми ирипсыкIуэтын и мураду. Мудрэныр апхуэдэу къыпхуэгъэдэзыхнукъым. Дохутырхэр къеIэзэри, бэнэныгъэм пищащ икIи и хьэрхуэрэгъур хигъащIащ.

Финалым хуэзыша гъуэгури тыншакъым. Куржьым щыщ Папинашвили Амирани щIэхъуэпсыр и хэкур игъэлъапIэну. АрщхьэкIэ текIуэныгъэр зыIэрыхьэнур тIум я зырат. Ар хэт нэхъ хуэфащэми Мудрэн Беслъэн зыми щэч кьытрыригъэхьакъым - къыпэщIэтар кьабзэу тридзэри, медалхэм ящыщ зы къыззрыIэрыхьэнур белджылы ищIащ. Ар дыщэми дыжьынми щызэхэкIынур иужьрей зэIущIэрат.

Къэзахъстаным къикIа Сметов Елдос и ныбжьыр илъэс 23-рэ фIэкIа мыхъуми, дунейпсо чемпионт. Апхуэдэм упэщIэтыну, дауи, къызэрыгугъкI Iуэхугъуэкъым. АрщхьэкIэ Мудрэным фIы дыдэу кьыгурыIуэрт кьикIуэт зэрымыхъунур - Къэбэрдей-Балъкъэрри, Урысей Федерацэри, дунейм и дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэри абы иригузавэрт. Псори щIэхъуэпсырт Беслъэн и текIуэныгъэм.

Къэзахъстаным гуащIэу щытащ. Сметовым и щIалагъэмрэ жыджэрагъымрэ Мудрэным и Iэзагъымрэ лъэщагъымрэ пэуващ. Абы нэхъ лъэщыр щызэхэкIар иужь дыдэ секундэхэращ. Беслъэн и хьэрхуэрэгъум лъакъуэпэщIэдз хуищIри, ириудащ. Ар текIуэныгъэт! Мэзкуу зэманымкIэ жэщыр сыхьэт 12-м нэблагъами, Бахъсэн кьали, Налшыки, Мудрэным дэщIа цIыху минищхэр щыпсэу нэгъэущI щыпIэхэри дзрэжьагъуэ иным зэщIиштащ.

Афэрым, адыгэлI! Зэи ясэмыхьэуауэ ди лъэпкъым иджы къыхэкIащ дзюдомкIэ Олимп чемпион. Ар Мудрэн Беслъэнщ! ЩIэдзапIэфI яхурехьу ар Рио-де-Жанейрэ иужькIэ утыку къыщыхьэну Асэкъал Рустам, Джэду Iэниуар, Махуэ Билал сымэ.

Урысей Федерацэм щыщу Олимпиадэм и япэ махуитIым дыщэ къэзыхьыфар Мудрэн Беслъэн и закъуэщ. Дыжьыныр кьалъысащ шабзэ IуэзэныкIэ Урысейм и щIыхь командэ къыхэхамрэ (Дашидоржиевэ Туяны, Перовэ Ксение, Степановэ Иннэ) метрипщIкIэ щыту кIэрахъуэ гъэзэныкIэ зэхьэзэхэуэн хэта Бацарашкинэ Виталинэрэ, дзюдоисткIэ Кузютинэ Натальерэ рапирист Сафин Тимуррэ ещанэ увыпIэр яубыдащ.

ЕпщыкIубгъуэнэу (!) Олимп чемпион Рио-де-Жанейрэ щыхъащ Фелпс Майкл. Псым есныныкIэ США-м и командэ къыхэхам хэту ар эстафетэм щытекIуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Хьэмыкъуэ Пётр зэхьэзэхуэм хэтыным и пэ кьихуэ зэIущIэм Венесуэлэм щыщ боксёрым къыщихиусащ. Иджы абы и унэ къеГъэзэж.

ЖЬILАСЭ Заурбэч.

XXXI Олимп джэгуэхэм къыщахьа медалхэр
(щыщхьэуIум и 8-м ирихьэлIэу)

№	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1.	США	3	5	4	12
2.	Китай	3	2	3	8
3.	Австралие	3	0	3	6
4.	Италие	2	3	2	7
5.	Корее	2	2	1	5
6.	Венгрие	2	0	0	2
7.	Урысей Федерацэ	1	2	2	5
8.	Великобритание	1	1	0	2
9.	Швецие	1	1	0	2
10.	Япония	1	0	6	7

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№152 (23.310) ● 2016 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 9, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлІэу

Апхуэдэхэр бэм ящыгъупщэркъым

И адэр мэкъумэшыщІэ Іэкіуэлъакіуэт, зыдэпльеин иІэти, Хьэсэн гуащІафІэу, бэшэчу, лэжьыгъэм хуэжьыджэру къэхъурт. Мащ!эу къыщыжэпхьам жылэм дэлъ сыт хуэдэ Іуэхуми зринщыгыну хьэзырт. Хэку зауэшхэр щиухам ильэс пщыкІутхум иту арами, нэхъыжьхэм ехьэехуэу балигъ лэжьыгъэ ирихьэкІырт - пхъэІэщэм тесу трактористхэм я гьусэт. Жэщ-махуэ жиІэртэкъым - щытхъу иІэу и кьалэныр игъэщІэрт. Дзыхь къыхуащІырти, «жырышым» трагъэтІысхьэрт, езыми, дихьхьэу, тракторист Іэщ!агъэм зыхуигъасэрт. Гьавэ гъэкІыным зи гъащІэр тезыхуэу щІалэр механизатору ёюджэ, мазищ курсыр хъарзынэу кьеурри, колхозым егъэзэж.

А зэманым МТС-хэм яІэр «СТЗ», «Универсал» трактторхэм хуэдэт. Абыхэм ирилажьэурэ, техникэ лъэщхэр хозяйствэм къыхуокІуэ. Я зэхэлъкІэкІэ ахэр нэхъ гугъут. Хьэсэн къыгуроІуэ и щІэныгъэм хигъэхъуэн зэрыхуейр икІи трактор лІэужьыгъуэ псоми щыхурагьдажэу Бахъсэн кьалэм дэт училищэм щІотІысхьэри, нэхъыфІхэм ящыщу кьеух. Хьэжмэтыр хуабжьу гурыхуэт, Іэрыхуэт, набдзэгубзапльэти, МТС-м кьагьанэ, мэкъумэш техникэр, трактор зэмылІуэужьыгъуэхэр зэзыгъэпэщІыжхэм яхэту мэлажьэ. Щдожэнщ!ыкІым и щІэр зезыхьэ колхозым и Іэщ!агъэлІхэм я нэІэ кьытет зэпытти, трактор бригадэм и унафэщІ хуэй щыхъум, Хьэсэн ирагъэблагъэж икІи а къулыкъур кьыхуэгъафащэ. Абдеж щегъэжьауэ дзыхь къезыгъэзахэр зы мащ!экІи щІригъэгъэжакъым - сыт и лъэныкъуэкІи Іуэхум хуэнэсырт, и пщэрыльхэм хьарзынэу пэлъэщырт. Куэд дэмыкІыу а гупым и щІофІ жаІэу хуожьэ, я лэжьэкІэр нэгъуэщІхэм щапхъэу хуагъэльагъуэу щІадзэ.

Хьэжмэтыр игъэкІэ плъэ Іэщ!агъэлІт, зэпымыуу щІэ гуэркІэ кІыльыкъуэрт, лэжьыгъэм къыщигъэсобэпыкІт. Абыхэм ящыщт техникэм, хьэсэм текІуадэр нэхъ мащ!эу, хэхъуэ нэхъыбэ къэзыт Іэмалхэр. Колхозым и тхьэмадэ Бгъэжьнокъуэ Хьэчим щІалэм и мурадхэр деІыгъ икІи гуп щІыкІухэм я пІэкІэ механизированнэ бригадэшхуэхэр кьыззэрагъэпэщ. Ар районым республикэми къыдащтэри, а лэжьэкІэщІэм хуокІуэ.

Зи ваПІэхэм куэдкІэ зиубгъуа, зи техникэкІэ зэщІыхьа механизированнэ участкэм хьеру кьитым нэрылъагъуу хэхъуэрт. 1973 гъэм Хьэжмэтым и гупым зэрихьа нартхыу гектар 800-м кьытеклар зыхуэдизыр щызэхалъхьэжам, фІэщхъуэгъуэй жыхуаІэм хуэдэт - гектаркм центнер 80 хуэзэу гъэлъэпъауэ центнер мин 64-рэ къраькІэжат. Ар нэхъапэм Хьэсэн и гуащІэм игъэта пщІэхэм я лъагапІэт - абы кьыпэкІуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь щІэ лъапІэр. Иджы Хьэжмэтым и бгъэр ягъэдахэрт Ленин ордену тІум, Гуащ!эдэкІым и Бэракъ Плъыжь, Октябрь Революцэ орденэм, медаль зэмылІуэужьыгъуэхэм.

Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Щдожэнщ!ыкІым и щІэр зезыхьэ колхозым и тхьэмадэ Бгъэжьнокъуэ Хьэчим 1976 гъэм пенсэм кІуэ нэужь, а къулыкъур зыхуагъэфащэнym районым унафэщІхэри жьлэм дэсхэри куэдрэ егупсысакъым. КьызытеувыІар дзыхьышхуэ зыхуащІ, Іэукъ!Іэ ягъэунэху Іэщ!агъэлІ, кьызэгъэпэщакІуэ Іэзэ Хьэжмэт Хьэсэнщ. А махуэм кьыщыщІэдзауэ зохяйстВэ пашэм и лэжьыгъэр илъэсипщ!Кэ иунэтІащ, Іэнатіэхэм я зэфІэкІым хигъэхъуащ. Абы и щІыхьэтщ КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м я Бэракъ Плъыжь зэІэпэхыр колхозым кьызэрыхуагъэфэщащ.

И узынщагъэм зыкъыщыгъащІэм, Хьэсэн лэжьапІэр ихъуэжри, пенсэм кІэухуэнкІэ Бахъсэн ерыскъы комбинатым и унафэщІу лэжьащ. Си гъащІэ псор щІым епхауэ къэгъуэгурыкІуэ нэхъыжьыфІыр иужькІи етІысэхакъым, хулъэкІыр ищІэу, и пщІэмрэ и нэмысымрэ иІыгъыжу псэуащ - ныбжьыщІэу щІидзэри, ЛІыхъужь нэсым и гъэзэуанэ дахэр къикІуащ. Апхуэдэхэр бэм ящыгъупщэркъым.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Шэрджэс бзыльхугъэ.
Сурэтыр **Спенсер Эдмунд** *ищІащ.*

Урысей Федерацым и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2016 гъэм накъыгъэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №8/76-7-мкІэ къыщитащ

Урысей Федерацым и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр щрагъэкІуэкІкІэ хэхыныгъэм и пэ кьихуэ агитацэм ехьэлІа материалхэр традзэн папщІэ политикэ партхэмрэ кандидату ятхахэмрэ печатым и щІыналъэ къэрал Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм щыхухах щыпІэхэр ятегуэшэным хуэгъэза пхъэидзэ зэрырагъэкІуэкІ

ХАБЭЗ

Мы хабзэм зэблегъэкІ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр щрагъэкІуэкІкІэ «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахьи и Іуэхуі» 2014 гъэм мазаем и 22-м щІэта Федеральнэ закон №20-ФЗ-м (адэкІэ - Федеральнэ законщ) и 66-нэ статьям и 2 - 3-нэ, 5 - 9-нэ Іыхьэхэм ящ!ыкІ ятІэ хэхыныгъэм и пэ кьихуэ агитацэм ехьэлІа материалхэр традзэн папщІэ политикэ партхэу кандидатхэм я федеральнэ спискэхэр Урысейм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм езыгъэгъэхэм, апхуэдэу зы мандатКІэ Іэ щІалэт хэмлІэ округым щыхьэн папщІэ ятха кандидатхэм печатым и къэрал щІыналъэ Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм пщІэншэу я уасэкІэ щыхьэх щІыпІэхэр ятегуэшэным хуэгъэза пхъэидзэр зэрырагъэкІуэкІыр.

1. Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятІэ печатым и къэрал щІыналъэ Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм пщІэнэ щІыпІэхэр зэрырагъашэр

1.1. Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятІэ печатым и щІыналъэ къэрал Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм щІыпІэхэр - мынэхъ мащ!эрэ къыдэкІыжьм я напэкІуэцІхэм щыщ Іыхьэ пщІэнэщэу хухахыну хуитыныгъэ яІэщ політикэ партхэмрэ кандидату ятхахэмрэ. Печатым и Іуэхущ!апІэм и напэкІуэцІхэм а Іуэхущ!апІэм и редакцэм щахухиха щІыпІэм и зэхуэдитІыр хэхыныгъэм и пэ кьихуэ агитацэ ирагъэкІыжьи папщІэ політикэ партхэм, адрей и зэхуэдитІыр - хэхыныгъэм и пэ кьихуэ агитацэ ирагъэкІыжьи папщІэ Урысей Федерацэм зыхуэфащэ и субъектым и щІыналъэм хиубыдэу зы мандатКІэ Іэ щІалэт хэхыпІэ округэм щатха кандидатэм хухах.

Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ ятКІэ печатым и Іуэхущ!апІэм и напэкІуэцІм щыкухаха щІыпІэхэр політикэ партхэмрэ кандидату ятхахэмрэ ятегуэшынымкІэ пхъэидзэ Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 6-м тету ирагъэкІыжьи кандидатхэм я федеральнэ спискэхэр ятха, апхуэдэу зы мандатКІэ Іэ щІалэт хэхыпІэ округэм щыкъэсыным махуэ 30 мынэхъ мащ!э иІэжу, нэгъуэщІу жьіпІэмэ, 2016 гъэм шышцкъэІуІм и 15-м щегъэжьауэ шышцкъэІуІм и 18-м нэсыкъу къриубыдэ лъэхъэнэм хьіхьэ махуэхэм ящыщ шым.

1.2. Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ печатым и щІыналъэ къэрал Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм щыкухах щІыпІэхэр ятегуэшынымкІэ пхъэидзэ щрагъэкІуэкІыну махуэр, зэманыр, щІыпІэр Урысей Федерацэм и субъектэм я хэхакіуэ комиссэхэм езыхэм яубзыху. Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ печатым и къэрал щІыналъэ Іуэхущ!апІэм муниципальнэ районым (кьалэ округым) кьриубыдэу щызэбгрыкІхэм я напэкІуэцІхэм щыкухаха щІыпІэхэр ятегуэшэнымкІэ пхъэидзэр Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм пщІэрыльэрыщщІкІэм ипкъ ятКІэ зыхуэфащэ щІыналъэ хэхакіуэ комиссэм иригъэкІуэкІ хьунущ. Муниципальнэ районым (кьалэ округым) кьриубыдэу щІыналъэ хэхакіуэ комиссэ зыбжанэ къыщыззрагъэпэщамэ, пхъэидзэр езыгъэжькІыну щІыналъэ комиссэр Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм и унафэкІэ яубзыху.

Агитацэм ехьэлІа материалхэр зытрадзэну щІыпІэхэр печатым и Іуэхущ!апІэм щыщым нэхъыбэ нэхъыбэм щыухахаамэ, пхъэидзэр махуэ зыбжанэкІэ ирагъэкІуэкІ хьунущ, Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм ятха спискэм зэрытха хуэдэу печатым и Іуэхущ!апІэхэр махуэкІэрэ нэхъ зэхуэдэу ятегуэшауэ Федеральнэ законым и 61-нэ статьям и Іыхьэ 8-м къезэгъу.

Урысей Федерацэм и субъектхэм я хэхакіуэ комиссэхэм пхъэидзэр щыщІэнym махуит! нэхърэ нэхъ мащ!э иІэжу щІыхьэ щхьіарегъащІэ Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм щыщ Іыхьэм щІыпІэр Урысей Федерацэм и субъектым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм ящыщ щІыпІэ хэхакіуэ комиссэ зыбжанэ къыщыззрагъэпэщамэ, пхъэидзэр езыгъэжькІыну щІыналъэ комиссэр Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм ятха щІыпІэхэм я напэкІуэцІхэм щыщ Іыхьэм щІыпІэр Урысей Федерацэм и субъектым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм кандидатхэм я щІыналъэ гуп (щІыналъэ гупхэр) щызэІэкэм, кандидату ятхахэм чэнджэщ ират Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ пщІэнэщэу печатым щыухах щІыпІэхэр гуэшынымкІэ пхъэидзэм хэтыт папщІэ Урысей Федерацэм и субъектым заявкэхэр щыщІэкІуэу и 4-м сыхьэт 18.00-м щегъэжьауэ 2016 гъэм шышцкъэІуІм и 14-м нэсыкъу яГъэхьіну. Політикэ партхэм, кандидату ятхахэм хуитыныгъэ яІэщ печатым и Іуэхущ!апІэм и напэкІуэцІхэм щІыпІэнэу щІыухаха щІыпІэр къыгъэсобэпыну зэрыкъэмэйр пхъэидзэр щекІуэкІынym зы махуэ нэхърэ мынэхъ мащ!э иІэжу хэІущ!ыІу ищІыну.

1.5. Печатым и Іуэхущ!апІэм и напэкІуэцІхэм Федеральнэ законым и 56-нэ статьям и Іыхьэ 2-м тету щыухах щІыпІэр політикэ партхэм, кандидат псоми трагущІэ, зи кандидатэм я федеральнэ спискэм Урысей Федерацэм а и субъектым, Урысей Федерацэм и субъект гупым е Урысей Федерацэм зыхуэфащэ и субъектым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм ёзэгъ щІыналъэ гуп хэмыт політикэ партхэм, апхуэдэу печатым пщІэнэщэу щыухах щІыпІэр кьыІахьну зымыдджэм (Федеральнэ законым и 64-нэ статьям и Іыхьэ 8) нымыщІ.

1.6. Урысей Федерацэм и субъектхэм я хэхакіуэ комиссэхэм пхъэидзэр щекІуэкІынym ипэ ит махуэм фІэмыкІыну печатым и къэрал Іуэхущ!апІэм я редакцэхэм хьыбар ирагъащІэ тхыгъэхэр зытрадзэну щІыпІэхэр зытрагушэну політикэ партхэм, кандидат псоми трагушэ, зи кандидатэм я федеральнэ спискэм Урысей Федерацэм а и субъектым, Урысей Федерацэм и субъект гупым е Урысей Федерацэм зыхуэфащэ и субъектым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм ёзэгъ щІыналъэ гуп хэмыт політикэ партхэм, апхуэдэу печатым пщІэнэщэу щыухах щІыпІэр кьыІахьну зымыдджэм (Федеральнэ законым и 64-нэ статьям и Іыхьэ 8) нымыщІ.

1.7. Урысей Федерацэм и субъектхэм я хэхакіуэ комиссэхэм щрагъэкІуэкІынym ипэ ит махуэм фІэмыкІыну печатым и къэрал Іуэхущ!апІэм я редакцэхэм хьыбар ирагъащІэ тхыгъэхэр зытрадзэну щІыпІэхэр зытрагушэну політикэ партхэм, кандидатэу зи полномочиехэр зыхуэфащэ документкІэ щІэгъэбыдахэр (кандидатым и удостоверенэ, дзыхь зыхуащІа щІыхьэм и удостоверенэ, унафэ кьэзыщтэхэм ящыщыщу зыхуэфащэ політикэ партхэм кьыІбгъэдкІыну, кандидату ятхахэм кьыІбгъэдкІыну Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм хэтым и удостоверенэ; політикэ партым и уполномоченэ лІыкІуэу Урысейм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм щатхэм - зищІысыр кьэзыщтэлъагъуэ документ; адрей щІыхьэм - політикэ партым и дзыхь тхьІупэ паспортрэ е Урысей Федерацэм и щІыхьэм и паспортым и пІэм иувэ нэгъуэщІ документ).

1.8. Політикэ партым и лІыкІуэр, апхуэдэу кандидату ятхар е абы и лІыкІуэр щымыІэмэ икІи абыхэм щыщІыхьэуІм и 20-м щегъэжьауэ Іэ щІэІэпІуэм зы махуэ хэнэжауэ, нэгъуэщІу жьіпІэмэ, 2016 гъэм фІэдзэм и 17-м сыхьэт 0.00-м деж щІухуэу, печатым и къэрал щІыналъэ Іуэхущ!апІэхэм я дэтхэнэ редакцэми політикэ партхэм, кандидату ятхахэм я напэкІуэцІхэм щыщу хэхакіуэ комиссэм ятха щІыпІэхэм я дэтхэнэ щІыпІэ Іуэхущ!апІэм и редакцэм щІыпІэ щІыпІэншэу хухахыну хуитыныгъэ яІэщ політикэ партхэмрэ кандидату ятхахэмрэ. Печатым и Іуэхущ!апІэм и напэкІуэцІхэм щІыпІэ щІыпІэншэу хухахыну хуитыныгъэ яІэщ політикэ партхэмрэ кандидату ятхахэмрэ. Печатым и Іуэхущ!апІэм и редакцэм агитацэм пыщІа материалхэр пщІэншэу щІыпІэ щІыпІэ щІыпІэншэу зэхуэдитІыр хэхыныгъэм и пэ кьыІахьэ.

1.4. Політикэ партхэм ящыщу Урысей Федерацэм и субъект пщІыхькІам, Урысей Федерацэм и субъект гуп Урысей Федерацэм и зыхуэфащэ субъектри зыхьихьэм, Урысей Федерацэм зыхуэфащэ и субъектым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм кандидатхэм я щІыналъэ гуп (щІыналъэ гупхэр) щызэІэкэм, кандидату ятхахэм чэнджэщ ират Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ пщІэнэщэу печатым щыухах щІыпІэхэр гуэшынымкІэ пхъэидзэм хэтыт папщІэ політикэ партхэм, адрей и зэхуэдитІыр - хэхыныгъэм и пэ кьихуэ агитацэ ирагъэкІыжьи папщІэ Урысей Федерацэм зыхуэфащэ и субъектым и щІыналъэм хиубыдэу зы мандатКІэ Іэ щІалэт хэхыпІэ округэм щатха кандидатэм хухах.

Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ ятКІэ печатым и Іуэхущ!апІэм и напэкІуэцІм щыкухаха щІыпІэхэр політикэ партхэмрэ кандидату ятхахэмрэ ятегуэшынымкІэ пхъэидзэ Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 6-м тету ирагъэкІыжьи кандидатхэм я федеральнэ спискэхэр ятха, апхуэдэу зы мандатКІэ Іэ щІалэт хэхыпІэ округэм щыкъэсыным махуэ 30 мынэхъ мащ!э иІэжу, нэгъуэщІу жьіпІэмэ, 2016 гъэм шышцкъэІуІм и 15-м щегъэжьауэ шышцкъэІуІм и 18-м нэсыкъу къриубыдэ лъэхъэнэм хьіхьэ махуэхэм ящыщ шым.

1.2. Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ печатым и щІыналъэ къэрал Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм щыкухах щІыпІэхэр ятегуэшынымкІэ пхъэидзэ щрагъэкІуэкІынym махуэр, зэманыр, щІыпІэр Урысей Федерацэм и субъектэм я хэхакіуэ комиссэхэм езыхэм яубзыху. Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ печатым и къэрал щІыналъэ Іуэхущ!апІэм муниципальнэ районым (кьалэ округым) кьриубыдэу щызэбгрыкІхэм я напэкІуэцІхэм щыкухаха щІыпІэхэр ятегуэшынымкІэ пхъэидзэр Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм ятха щІыпІэхэм я напэкІуэцІхэм щыщ Іыхьэм щІыпІэр Урысей Федерацэм и субъектым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм ящыщ щІыпІэ хэхакіуэ комиссэ зыбжанэ къыщыззрагъэпэщамэ, пхъэидзэр езыгъэжькІыну щІыналъэ комиссэр Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм и унафэкІэ яубзыху.

Агитацэм ехьэлІа материалхэр зытрадзэну щІыпІэхэр печатым и Іуэхущ!апІэм щыщым нэхъыбэ нэхъыбэм щыухахаамэ, пхъэидзэр махуэ зыбжанэкІэ ирагъэкІуэкІ хьунущ, Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм ятха спискэм зэрытха хуэдэу печатым и Іуэхущ!апІэхэр махуэкІэрэ нэхъ зэхуэдэу ятегуэшауэ Федеральнэ законым и 61-нэ статьям и Іыхьэ 8-м къезэгъу.

Урысей Федерацэм и субъектхэм я хэхакіуэ комиссэхэм пхъэидзэр щыщІэнym махуит! нэхърэ нэхъ мащ!э иІэжу щІыхьэ щхьіарегъащІэ Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм щыщ Іыхьэм щІыпІэр Урысей Федерацэм и субъектым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм ящыщ щІыпІэ хэхакіуэ комиссэ зыбжанэ къыщыззрагъэпэщамэ, пхъэидзэр езыгъэжькІыну щІыналъэ комиссэр Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм ятха щІыпІэхэм я напэкІуэцІхэм щыщ Іыхьэм щІыпІэр Урысей Федерацэм и субъектым и щІыналъэм щыщ Іыхьэм кандидатхэм я щІыналъэ гуп (щІыналъэ гупхэр) щызэІэкэм, кандидату ятхахэм чэнджэщ ират Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ пщІэнэщэу печатым щыухах щІыпІэхэр гуэшынымкІэ пхъэидзэм хэтыт папщІэ політикэ партхэм, адрей и зэхуэдитІыр - хэхыныгъэм и пэ кьихуэ агитацэ ирагъэкІыжьи папщІэ Урысей Федерацэм зыхуэфащэ и субъектым и щІыналъэм хиубыдэу зы мандатКІэ Іэ щІалэт хэхыпІэ округэм щатха кандидатэм хухах.

Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ ятКІэ печатым и Іуэхущ!апІэм и напэкІуэцІм щыкухаха щІыпІэхэр політикэ партхэмрэ кандидату ятхахэмрэ ятегуэшынымкІэ пхъэидзэ Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 6-м тету ирагъэкІыжьи кандидатхэм я федеральнэ спискэхэр ятха, апхуэдэу зы мандатКІэ Іэ щІалэт хэхыпІэ округэм щыкъэсыным махуэ 30 мынэхъ мащ!э иІэжу, нэгъуэщІу жьіпІэмэ, 2016 гъэм шышцкъэІуІм и 15-м щегъэжьауэ шышцкъэІуІм и 18-м нэсыкъу къриубыдэ лъэхъэнэм хьіхьэ махуэхэм ящыщ шым.

1.2. Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ печатым и щІыналъэ къэрал Іуэхущ!апІэхэм я напэкІуэцІхэм щыкухах щІыпІэхэр ятегуэшынымкІэ пхъэидзэ щрагъэкІуэкІынym махуэр, зэманыр, щІыпІэр Урысей Федерацэм и субъектэм я хэхакіуэ комиссэхэм езыхэм яубзыху. Федеральнэ законым и 66-нэ статьям и Іыхьэ 2-м ипкъ ятКІэ печатым и къэрал щІыналъэ Іуэхущ!апІэм муниципальнэ районым (кьалэ округым) кьриубыдэу щызэбгрыкІхэм я напэкІуэцІхэм щыкухаха щІыпІэхэр ятегуэшынымкІэ пхъэидзэр Урысей Федерацэм и субъектым и хэхакіуэ комиссэм ятха щІып

КІахэм къикІа хьэщІэхэм пшыхьыр ягъэдахэ

● Адыгэ джэгу

2005 гъэм щыщІэдзауэ Абхъазым и утыкум бэрэжьей къэс щекІуэкІ адыгэ джэгум кІуэ пэтми зеубгъу. Хабзэ хъуауэ, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм пшыхьым зыкъырагъэхьэлІэурэ ягъэдахэ.

- Джэгужь апщий! КІахэм къикІа хьэщІэхэр ди гуапэу джэгум фыкъыдогъэблагъэ. Адыгэр дызэкъуэзгъэт, дыкъыздэсгъэафэ, дыкъыздэвгъэудж, - жиІауэ КъБР-м и цІыхубэ артист, балетмейстер **Думэныщ Іэуплэдин** джэгур къыщызэІуихым.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, тхьэмахуитІ ипэкІэ екІуэкІа джэгум хэтащ Иорданием къикІыу ди щІыналъэм щыхьэщІа ди лъэпкъэгъуэхэр. Иджырейм зыкъраГъэхьэлІащ Тыркум, Сирием къикІауэ ди щІыналъэм зыщызыгъэпсэхуэхэм, Адыгэ Республикэм щыщ щІалэгъуалэ щэ ныкъуэм щІигъум. КІахэ гупым я пашэт щІэныгъэлІ, археолог цІэрыІуэ **Тов Аслъэнрэ** декоративно-прикладной гъуазджэм и мастер, цІыхубэ Іэнщіэлъапщіэ **Нэгъуэщі Аскэррэ**.

Тов Аслъэн жиІащ джэгу дахэм я щІалэгъуалэр хэтыну къызэрырагъэблэгъар зэригуапэр икІи къыззхуэсахэр кьыхуриджащ лъэпкъ тхьбзэм ипэкІэ къежьа адыгэ хабзэм тетыну, нэгъуэщІхэм я щапхъэгъэлъагъуэу адыгэхэр псэуну. Апхуэдэу пхъэщІыч макъамэ Іэмэпсымэм и мыхьэнэм, абы джэгур зэригъэдахэм кьытеувыІащ.

Хьэтиякіуэ **Хьэхъупащіэ Астемыррэ** абы и дзэпкъыхэгъу пщащэхэзу **Лэжьэрей Динэрэ Хъуэкіуэн Аринэрэ** джэгур хабзэм тету ирагъэкІуэкІащ, щІалэхэр зы лъэныкъуэкІэ, пщащэхэр абы яхуэзанщІэу щыту. Гу зылъыптэрати, утыкум ит щІалэгъуалэр я зыхуэпэкІэкІи зыІыгъыкІэкІи дагъуэншэт, щэныфІэт.

ЩІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ лъэпкъ кьафэхэм щалэ зэфІэкІхэр кьагъэлъэгъуащ. Зыр адреймефІэкІыу кьафэхэм уащыкІэлъэплъкІэ кьыпщыхъурт ахэр зэпеуэу, зэрытемыгъакІуэу. Пщыхьэщхьэр хэкІуэтэку джэгур нэхъри зэщІэплъэурэ екІуэкІащ. Лъэпкъ щэнхабзэм и зы Іыхьэу щыт кьафэм щІэблэр зэрыхуэмыхейр узэрыгушхуэ хъун Іуэхущ, гур хэзыІгъахъуэщ.

Адыгэ Республикэм къикІыу джэгум ялэу ежьеблэгъа **КІымпыл ТІэхьиррэ Хьэдэпашэ Маринэрэ** ди гуапэу зздгъэцІыхуащ. ТІэхьир Мейкъуапэ кьалэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэщ. Маринэ Шотландием и университетхэм ящыщ зым политикэмрэ дунейпсо зэхущытыкІэхэмкІэ и факультетыр къыщиухауэ иджыпсту журналистикэм хуоджэ. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ хъыджэбзыр еджакІуэ Лондон щыкІуам, кьызэІуихауэ щыта «Гу хуабэ» гупжьейм адыгэ кьафэм ди лъэпкъэгъуэр щыхуиГъэсащ. ТІэхьири Марини «Вконтакте» Интернет сайтым и «Типичная Адыгея» гупым и кьызэгъэпщакІуэ жыджэрхэм ящыщ, Мейкъуапэ и Адыгэ Хасэм и щІалэгъуалэ клубми хэтхащ. ХьэщІэхэр тедгъэпсэлъыхьащ джэгур кьаэзрещІхьам, я деж щекІуэкІ апхуэдэ пшыхьэхэм я щхьэхуэныгъэхэм ятеухуауэ.

- ТІэхьиррэ сэрэ нэхъапэІуэкІи кьытхуихуащ Налшык щекІуэкІ мыпхуэдэ пщыхьэщхьэ дахэхэм дыхэтыну. Абы щыгъуэм Мейкъуапэ иджыри адыгэ джэгу щызэхэдублатэкъым, атІэ фи республикэм щыщекІуэкІкІэ зэныбжьэгъуэхэр зэщІэплъэурэ екІуэкІащ. Лъэпкъ щэнхабзэм и зы Іыхьэу щыт кьафэм щІэблэр зэрыхуэмыхейр узэрыхуабжу дигу ирихьырт. Налшык щытлъэгъуаэр ди щапхъэу, ди дежи махуэку къэс джэгу щыдогъэкІуэкІ, - жиІэ Маринэ. - Налшык кьалэм дэсхэр кьызэрыт-пэплъэр, гуапэу кьызэрытІыщІэнур тщІэуэ гъуэгу дыкъытехьащ. Апхуэдэ дыдэуи, пщІэшхуэзр гулъытэрэ кьытхуащІу дыкьрагъэблэгъащ. Джэгури щІэщыгъуэ, гукъинэж тщыхъуащ. Дяпэкіи дызэкІэлъыкІуэну ди мурадщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм иджы Мейкъуапэ дащыпоплъэ.

- Налшык никІыу щІалэгъуалэ гуп Мейкъуапэ нэгъабэ нызэрыкІуар гуапэ тщыхъуащ. Иджы чэзур кьытпысащ. Ауэ сэ кьэслыытэркъым дыхьэщІэу. Адыгэхэр щыпсэу дэтхэнэ щІыпІэри ди зздай щыналъэщ, ди Хэкуащ, зы бзэ щытІурылъкІэ, зы хабзэ дыщытеткІэ, зы лъэпкъыу дыщыщыткІэ. Налшык щекІуэкІ джэгур дыдейм ебгъапщэмэ, гу лъыботэ фи щІалэгъуалэр нэхъыбэу кьызэрекІуалІэм, хьэтиякІуэми пшыхьыр нэхъ ткІийуэ, хабзэр кьызэпимыуду зэрыригъэкІуэкІым. КІэщІу жыпІэмэ, кьэбэрдей джэгур, абы и хэтиякІуэр дэркІэ щапхъэгъэлъагъуэщ. Адыгэ Республикэм и Правительствэм Налшык дыкъызэрыкІуэну автобус кьыдитащ, Адыгэ Хасэри кьыддэІэпыкъуащ. Къэрэшей-Шэрджэсым, Шапсыгым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхудиІэ пыщІэныгъэхэми зегъэубгъуным ехьэлІа зэхьихьэхэри адэкІэ кьызэдгъэпэщыну ди мурадщ, - кьыпищащ ТІэхьир.

Маринэ кьызэрыджИамкІэ, щыналъэитІым щекІуэкІ джэгухэр зэбгъапщэмэ, ди деж щыкІуэдыжьа кьафэ лІэужьыгъуэхэм ящыщхэр Мейкъуапэ хьума щыхъуащ е кьыщагъэщІэрэщІэж. Апхуэдэу зи гугъу ищІахэм ящыщу нэхъ гъэщІэгъуэн тщыхъуащ «зыгъэгусэ» (нэгъуэщІу жыпІэмэ, «хьакІуляш») гушыІэ кьафэр. Абы кІэщІу сыкъытеувыІэнщ. Зызыгъэгуса хъыджэбзыр кьызыдэфэ щІалэр и нэгу щІигъаплъэркъым. ЩІалэри ерыщу хэтщ пщащэм кьригъэгъэззжыну, ар тригъэужыну. Ауэ ар щІалэм кьызэремыхьлІэм зэгуепэрти, хъыджэбзым и щІыб хуигъэззауэ кьоф. ИужькІэ ахэр зокІуж, я гупэ зэхуагъэззэжри кьызздофэ. Театр теплъэгъуэм ещхь мы кьафэм мыхьэнэшхуэ иІэщ икІи зызыгъэгусэ дэтхэнэми Іэмал кърет зэгуепсысыжу, ар зэрыемыкІур, зэрымыдахэр кьыгурыІуэжыну.

ХьэщІэхэм кьыхагъэщащ джэгур щІидзэным ипэ кьихуэу модельер, дэрбзэр Сэралъп Мадинэ и Артцентрым адыгэ фащэм и щэхуэм ятеухуауэ щриГъэкІуэкІа дерсыр гъэщІегъуэн, щІэщыгъуэ зэращыхъуар. Апхуэдэу ТІэхьиррэ Маринэрэ дыхагъэгъуэзащ «Типичная Адыгея» гупым псапащІэхэр, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ зэхьыхьэхэр къызэрыщызэрагъэпэщым, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм и щІалэгъуалэм зэдай щэнхабзэ Іуэхухэр дяпэкІэ кьыхалъхьэу зы щІыналъэм щрагъэкІуэкІыну, ИнтернеткІэ мыхьуу, зэхуэсурэ зэпсэльэну, Іуэху щхьэпэхэр зэдащІэну зэрамурадым.

ПэщІэдзэ зиІэм кІэухи иІэщ. НэгъуэщІ щІыпІэхэм кьикІа ди лъэпкъэгъуэхэр зыихэта, абыхэм ягъэдэха джэгур удж екІуэкІэ зэхуаІыжащ. Пщыхьым кьыхэжаныкІа, кьафэм зэфІэкІ щызиІэ пщащэхэмрэ щауэхэмрэ саугъэтхэмкІэ ягъэлъэпІащ. Ахэр кьыбгъэдэкІащ «Адыгэ унэ» тыкуэныр зей ІутІыж Мэжид. «Тамерис» шхапІэр зыгъэлажьэ Едыдж Нихьаи хьэщІэхэр иригъэблэгъащ.

ЗэрытщІэщи, джэгур кьыхэзыльхьаХэм я кьалэн нэхъыщхьэр щІалэгъуалэр кьаГъафэу, ягъэуджу зэбграгъэкІыжьныркъым. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ дэнэ щІыпІи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зэрыщІыхунымкІэ, ныбжьэгъу зэхуэхъунымкІэ, зэрыпльтэныжмкІэ, я зэпыщІэныгъэр, зэкъуэтыныгъэр нэхъ быдэ хъунымкІэ. А псом къадэкІуэу утыку ит щІэблэм я щэнхабзэр, я хабзэ дахэр кьагъэлъагъуэ. КъыжьыІапхъэщ абы и лъэныкъуэкІэ джэгум и кьызэгъэпэщакІуэхэм я кьалэныр кьаззорехъуліар.

Пщыхьэщхьэр хэкІуэтэми, бысымхэмрэ хьэщІэхэмрэ ягу зэпымыкІыу куэдрэ зэпсэльэлІащ, уеблэмэ ежьэжьи ипэ кьихуэу, кьэфэнкІэ зэрыримыкъуам и нэщэнэу, иджыри зы джэгу цІыкІу яублэжри, я льэгу зэрыщІэгъэплъащ. Льэныкъуэхэр дяпэкІи зэкІэлъыкІуэну зэгурыІуащ. Мейкъуапэ кьикІахэм бысымкэм фІыщІэ кьыхуащІащ гуапэу кьаззорыІущІам, гулъытэ кьызэрыхуащІам папщІэ.

Я цІэ кьиІуапхъэщ кьызэхуэсахэр зыгъэджэгуа, кьэзыгъэфа, зыгъэуджа «Бзэрабзэ», «Уэредадз» гупхэм. Джэгур кьызэрагъэпэщащ Ащхъуэт Анзор, Тау Аслъэн, ЦІыпІынэ Идар, Шыбзыхъэу Астемыр сымэ, «Вконтакте» Интернет сайтым и «Черкесия», «Типичная Адыгея» гупхэм я унафэщІхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Щапхъэ

Жылэдэсхэр яхуэарэзыщ

Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ кьуажэр ди республикэм и жылэ нэхъ инхэм ящыщщ. Абы щопсэу цІыху мин 8-м щІигъу. Жылэм щолажьэ еджапІэхэр, гъэсапІэхэр, щэнхабзэ, спорт Іэнатіэхэр, нэгъуэщІхэри. Іуэху зехьэкІэ пэрыт зыгъэлъагъуэу кьуажэм дэт Іуэхущіапіэхэм ящыщщ «Урысейм и пощт» федеральнэ Іэнатіэм Сэрмакъ кьуажэм щиІэ кьудамэ №0062-р.

ЖЫЛЭДЭСХЭР яхуэарэзыуэ, районым щыІэ езым хуэдэ Іуэхущіапіэхэм кьакІэрымыхуу мэлажьэ связымкІэ щІыпІэ кьудамэр. Абы и унафэщІщ зи Іэщіагъэм фІыуэ щыгъуазэ, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэльакіуэ Кьардэн Жаннэ.

- Ди лэжьыгъэр зыхуэгъэпсар кьуажэдэсхэм я гъащІэр нэхъ тынш, лъэпощхьэпоунШэ щыныр щ. Пощтым кьаГъэхьэ письмохэр, газетхэр, журналхэр щІыхуэхи и чэзум яІэрыгъэхьэжьыным доліаІэ, - жеІэ Кьардэным. - Кьинэмыщіауэ, пощтым пэжьыжьэу псэу пенсионерхэм газ, уэздыгъэ, телефон уасэхэр ятыныжмкІэ дэІэпыкъуэгъу дахуохъу. Ахэр ди лэжьакІуэхэм хуэзфІагъэкІ.

Пощтым ехъуІэныгъэфІхэр зыІэрегъэхьэ республикэм, къэралым кьыщыдзкІ газетхэм, журналхэм жылэдэсхэм Іэ трегъэдзэныжмкІи. Мы гъэм абыкІэ ятелъ планыр фІы дыдэу ягъэззэщІащ. Жаннэ и нэІэм щІэту мы кьудамэм щолажьэ цІыхущ. Пощтэхельэхэу Кьалэ ФатІимэт, Дзу Мухьэмэд, Кьардэн Мадинэ сымэ жэуаллныгъэр зыхащІэу я кьалэнхэр ягъэзащІэ.

ЛэжьыгъэфІхэр щызэфІах, нэхъыщхьэращи, цІыхухэр зыхуэарэзы Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэхэр мызэ-мытІэу ягъэпэжащ щытхъу, фІыщІэ тхьлъ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ. Кьудамэм и лэжьыгъэр кьызззыгъэпэщ Кьардэн Жанни зыбжанэрэ кьыхуагъэфэщащ «Урысейм и пощт» ФГУП-м, Федеральнэ пощт кьулыкъущІапІэм (ФПС) КъБР-м щиІэ и управленэм къабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьлъхэр, саугъэт лъапІэхэр. ЯбгъэдэлЪ ІэкіуэльакіуэгъыимкІэ ялэ класс зиІэ пощтэхьэ Іэзэхэми иратащ апхуэдэ щІыхь, фІыщІэ тхьлъхэр.

Пощтым и лэжьакІуэ пашэхэм дохъуэхъу узынШэу, яхуэфэщэн гулъытэ ягъэту, цІыхухэм я арэзыныгъэ щымыщІэу иджыри куэдрэ я Іэнатіэм пэрытыну.

ТАМБИЙ Линэ.

Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэхэр. *ЩІысхэр (ижьымкІэ къыщыщІэдзауэ):* **Кьардэн Жаннэ, Кьалэ ФатІимэт.** *Абыхэм кьащхьэщытщ* **Дзу Мухьэмэдрэ Кьардэн Мадинэрэ.**

● Фэеплъ

Алыхьым и арэзыщІынытъэм телэжьа

Дунейм ехьжа цІыхум и псэм узэхех икІи укъелъагъу - ар апхуэдэу Алыхьым къигъэщІащ. ЦІыхуріа нэужь, абы и тхьилъыр (и лэжьыгъэхэр зэрытыр) зэхущІыж. ЗэхуамыщІыжу кьанэр абы дунейм кьытрина, сэбэпынагъ кьызыпыкІ и лэжьыгъэфІхэрщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, тхьилъ купщІафІэ кьыдигъэкІамэ, абы хьэрфу кьраджыкІым хуэдиз псапэ ар зи Іэдакъэщ Іэкіым хуатх. Апхуэдэщ мэжджыт, лъэмыж уэхуэныр, псы щІэшэныр, бын губзыгъэ дунейм кьытенэныр. А кьедбжэкІа псоми сэбэпынагъыу кьапыкІым хуэдиз псапэ хуатх ар зи Іэдакъэщ Іэкіым. Абы щыхьэт тохъуэ КъурІэн лъапІэри хьэдисхэри.



АПХУЭДЭ псапэ куэд илэжьащ Кьулъкъужьи Ипщэ кьуажэм кьыщалъхуа Пщыхьэщ Амдулыхь. Ар нобэ кьытхэмытыжми (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ) и цІэр фІыкІэ кьраІуэ зэпытщ, Іуэхугъуэфі куэд ищІащи.

Амдулыхь сабий дыдэу и адэр зауэм 1941 гъэм дэкІри, быным гу ящимыхуэу зэкІуэдащ. Амдулыхь зы кьуэшрэ зы шыпхъурэ иІати, тІури гъейм ихьащ, зауэ нэужь зэман бзаджэм хиубыдэри. Амдулыхь и анэм, илъэс 28-рэ фІэкІа зи мыныбжьу фызабэу кьэнам, и щІалэ закъуэм цІыху нэс кьыхищІыкІащ. Ар абы игъэсащ гущІэгъу хэлъу, пэжым и телъхьэу, хабзэщІэкъуу. Дэтхэнэ зы анэри зыщІэхъуэпс быным хуэдэ кьыхэкІащ Амдулыхь.

И ныбжьыр илъэс 14-м иту ар КъурІэным хуригъэджащ дин щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа Пщыхьэщ Хьэбас (аръэрт нэхур Тхьэм кърит).

Амдулыхь сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрымытами, щыпашэу, пщІэ, нэмыс игъэту гупым яхэтащ. «Искож» комбинатым и кьудамэм и унафэщІу, мэз хозяйствэм и директору илъэс куэдкІэ лэжьащ ар.

Диным псэкІэ зэрыпсгъунэгъум ипкъ иткІэ, абы 1993 гъэм кьызэригъэпэщащ щытащ мусЪыимэн зэгухьэныгъэ. ИужькІэ диныр нэхъ куууэ зригъэщІэн мурадкІэ, 1995 гъэм ар Москва КІурэн КъурІэнымрэ хьэрыпыбзэмрэ зригъэщІащ икІи диным хуригъэжьэну хуиту щыхьэт тхьлъ хъратауэ щытащ. Налшык дэта Нур мэжджытым, Вольнэ аул, Осетие Ищхьэрэ - Аланием я мэжджытхэм Іимаму илъэс куэдкІэ щылэжьащ икІи жэуаллныгъэ ин зыпылъ а Іэнатіэ мытыншыр псэ хьэлэлкІэ ирихьэкІащ Амдулыхь.

Сыт хуэдэ псапащІэ Іуэху хэмыхьами, Амдулыхь псом япэ ригъэщу щытар тхьэмыщкІэхэмрэ зеинШэхэмрэт. Псалъэм и хьэтыркІэ, кьулейрэ тхьэмыщкІэрэ я жэнэзитІ щызэтрихьэм деж, тхьэмыщкІэр апэ ригъэщу щытащ. «Кьулейм зыгуэр иІэщ, зыри зимыІэр тхьэмыщкІэращи, апхуэдэхэращ япэ игъэщіапхъэр», - жиІэу щытащ абы. ЩхьэзакъуэхьэрычэтыщІэхэм хуэхалъхьэ ахъшэр зэригъэзахуэурэ зыхуэфащэхэм ятригуашэрт.

- Ди адэр апхуэдизкІэ псэ хьэлэлти, зыщІыпІэ зыгуэр щымэжалІэу ищІэу, езыр шхэуэ гъуэлъыжьыфынутэкъым. ЩІымахуэ щыгъын хуабэ кьыхуэтщэхуэр (бэлъто, курткэ хуэдэхэр) щымыгъыжу кьыщыщдыхьэж къэхъурт. «Дэнэ щыІэ, ди адэ, пщыгъыу удэкІа уи щыгъыныр», - жьгІэрэ деупщІамэ: «Модэ, зыгуэрым естащ», - жиІэм кьыфІигъэкІыртэкъым», - игу кьеГэкІыж Амдулыхь ипхъу Зерэ.

Ислъам диным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр зэрыт тхьилъ щІыкІуэр къищэхуурэ, адыгэбзэкэ е урысыбзэкІэ ахэр зэридзэкІыжьырти, кьыдигъэкІырт, ахэр псапэу игъэшырт. Амдулыхь и пенсэмкІэ кьыдигъэкІа апхуэдэ тхьилъу игэшащ мини 5-м нэблагъэ.

Амдулыхьрэ и щхьэгъусэ Чэсиянрэ хьыджэбзищ зэдагъэтащ. Псори ирагъэщ, адэр сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэ яхуэхъущ, абы хиша лъагъуэ дахэм зэрытемыкІыным хущІэкъуу мэпсэу.

Амдулыхь дунейм кьытрина и щІэблэ дахэм я адэм и ужьыр махуэ яхуэхъуну Тхьэм жиІэ!

ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Усакъмэ...

Шыщхьэуіум и 2-м щхьэлыкъуэдэс цІыхубзыр щхьэгъубжэм щыдэплъым кьилъэгъащ и щхьэгъусэм и ВАЗ-2107 автомашинэм зыгуэр итІысхьэну зэрыхэтыр. Абы полицэр кьриджащ.

ЗЭУЭ кьэсащ кьэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэхэмрэ Урысей МВД-м Шэджэм районым щиІэ кьудамэм и участковэ уполномоченнэхэмрэ. Абыхэм яубыдащ автомашинэр ирихужьну хэтауэ шэч зыхуащІар. Ар налшыкдэс цІыхухэщ.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

И гъунэгъурт кьедыгъуар

Плановскэ къуажэм щыпсэу цІыхубзыр шыщхьэуІум и 3-м и жэщым къигъэушащ и пэшым щІэт цІыхухъум и Іэуэлъауэм. ЦІыхубзыр щыкІийм, ар кьащтэри щІэпхъуэжащ, идыгъуну зыхэта жып телефоныр унэ лъэгум кьинауэ.

АХЪШЭРЭ хьэпшыпрэ зыфІадыгъуа цІыхубзым полицэр кьриджащ.

Урысей МВД-м Тэрч районым щиІэ кьудамэм уголовнэ кьэлыхъуэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм хьэ гъэсар кьагъэсэбэпри, шэч зыхуащІыр яубыдащ. Ар нэхъапэм суд зытращІыхьа щІалэт, зэдыгъуам и гъунэгъут. ЩІалэщІэм зиумысыжри, кьидыгъуар иритыжащ.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

Езыми зрихьэлІэрт

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык кьалэм щыІэм и лэжьакІуэхэм я зыбудащ наркотик зэхьэлІапІэ кьызэригъэпэщауэ шэч зыхуащІ цІыхухъур. Абы илъэс 67-рэ и ныбжьщ.

ПОЛИЦЕЙХЭМ зэрыхуагъэфащэмкІэ, цІыхухъум и хэщІапІэр хуит яхуищІырт афияным хьэщыкъ ищІахэм наркотикхэкІэр щызрахьэлІэну. Абы щхьэкІэ езыми зэ зэхьэлІэгъуэ кьратырт.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ. Яубыдам хуагъэуващ щыІпІэр имыбгынэну.

Илъэс дэкІауэ

2015 гъэм накъыгъэм и 2-м Урысей МВД-м Шэджэм районым щиІэ кьудамэм зыхуигъэзат щыпІэм щыпсэу цІыхухъум. Щхьэусыгъуэр - Шэджэм кьалэм и Бахьсэн шоссе уэрамым тет унэхэм я ныбжьэзат щыпсэу мин 70 и уасэ ВАЗ-21074 автомашинэр зэрадыгъуарт.

ИЛЪЭС ДЭКІАУЭ, мы гъэм и накъыгъэ мазэм, КъБР-м щыІэ МВД-м и УР-м, Шэджэм кьудамэм я лэжьакІуэхэм шэч зыхуащІхэм языхэз налшыкдэсыр яубыдащ. Щыщхьэуіум и 1-м етІуанэ дыгъуакІуэр, Гундэлэн къуажэм щыщыр, кьапэщІэхуащ. ЩІалэщІхэм ялэжьамкІэ зауэсыжащ.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

МУДРЭН Беслъэн:

Мыр ди ялэ дыщэмі, иужьрейуэ къыщІэкІынукъым

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІ Олимп джэгухэм Урысейм щыщу ялэу чемпион хъуар дзюдоист Мудрэн Беслъэнщ. Ар щыбэнащ килограмм 60 хъухэм я деж. Дышэ медалыр къызыІэрыхьа спортсменым журналистхэм зыхуагъэзащ.

- Урысей псом гуфІэгъуэ езыта чемпионым сыт иджыпсту и гум щыхъэр?

- СогуфІэ ялэ махуэм «дыщэр» зэрызыІэрызгъэхьэфам папщІэ. Сыту жыпІэмэ, хэти ещІэ Олимпиадэм и пэ къихуу спортсменкэр зыхэта Іуэку гуемыІухэр. Сэ схуэдэу «дыщэ» къэзыхыфыну щыта спортсмен куэд хуит ящІакъым мыбы къэкІуэну. Мыр ди ялэ дыщэми, иужьрейуэ къыщІэкІынукъым.

- Дэтхэнэ бэнэгъуэра нэхъ къогуГъэкІар - Корее Ипщэм щыщ, дунейпсо чемпионым ущыІущІа финал планэра?

- Къапщтэмэ, псори зэхуэдэуэ жыпІэ хъунущ - дэтхэнэми еІытат кІэухыр зэрыхъунур. Ялэ бэнэгъуэр *(Голландием щыщ Мурен Джерен щебэнар)* гуащІэ дыдэт. Ауэ сэбэп къыслуэхъуащ абдеж фІыуэ зыкъыззэрызэщІэзгъэпльар. ЖыпІэ хъунущ ялэщІыкІэ зыхэзгъэгъуэзащ. АдэкІэ си Іуэхур нэхъри фІы хъуурэ кІуэтащ.

- АтІэ дэтхэнэ бэнэгъуэрат псом нэхърэ нэхъ гуащІэр?

- Ялэрауэ къыщІэкІынущ. Абы къыщыспэщІэхуа хьэрхуэрэгъуэм нэхъапэхэми куэдрэ себэнат, ауэ нобэ нэгъуэщІ зыгуэру къыщІидзат и бэнэкІэри, тІэкІуи сигъэупсысат, бгъэдыхьэкІэ къыхуэзмыгъуэтурэ. Сэри хьэрхуэрэгъум хуэзмыгъэхьэзыра Іэмалхэм сыхуэкІуэн хуей хъуащ.

- Финалым дунейпсо чемпионыр щыхэбгъэщІа нэужь, гупсэхугъуэ бгъуэтыжауэ къыщІэкІынщ...

- СэркІэ зэхуэдэт хьэрхуэрэгъуэр чемпиоными, спортымкІэ мастерыр и кандидатми. Нэхъыщхьэр сытекІуэнырати, къызэхъулІащ.

- Финалым хьэрхуэрэгъу къыщыпхуэхъуэ Сметов Елдос мы гъэм укъыхигъэщІауэ щытащ. Ар къэплъытэмэ, финалым дауэ зыхуэбгъэхьэзырат?

- Пэжым ухуейімэ, абы сегупсысыхькъым. Пэжщ, ар дунейпсо чемпионщ, щІалэ Іэчльэчщ. Ауэ сэ сощІэ абы и бэнэкІэр, кьигъэсэбэп Іэмалхэр. Апхуэдэ дыдэу езыри си бэнэкІэм щыгуаззщ. Аращ, дакъикъитху нэхърэ нэхьыбэ дыщІызэмыныкъуэкъуари. Си кІэн кІынкІащ.

- Дэтхэнэ дакъикъэхэм зыхэпщІат финалым «дыщэр» къызэрыхэпхынур?

- Сэ зэпэсльытатэкъым ар къыщытездзэну дакъикъэр, ауэ слъагурт дакъикъищ нэужьым ар зэрэщар. Ауэ щыхъуІи, ешащ жыпІэу зыбгъэлэлтэж хъунутэкъым. Сыту жыпІэмэ, уэрамым зэрымыщІэкІэ къыдаша гуэртэкъым сызэбэныр, атІэ дунейпсо чемпионт.

- Иппонищым щыщу (дзюдомкІэ текІуэныгъэ кьабзэ, Мудрэным а Іэмалымкі текІуэныгъэ къыщихьащ иужьрей бэнэгъуищым) нэхъ къыпІтехьэлъар дэтхэнэра?

- Иппонищри зэрыхъуэр езым къызэгурымыІуэжуэрэ къызэхъулІащ *(погуфІыкі)*.

- Уи Іэр пхащ. Сыт къыщыщІар?

- Фэбжьышхуэкъым. И зэран къызэмыкІын щхьэкІэ спхауэ аращ.

- Уи хьэрхуэрэгъуэу хъуар уи нэр кърахуну щІэхъуэпсфІэкІа пщІэнтэкъым - зыбжанэрэ уи нэм удын игъуэтащ...

- Хьэрхуэрэгъуэм лажьэ яІэтэкъым, сэ езыр зэрымыщІэкІэ нэкІэ сажьэхэуэу арат.

- Зы мэскьалкІи уплейтеиуэ уи нэгум къыщыркъым...

- СыпІейтейтекъым. Сыту жыпІэмэ, сщІэнумрэ сызыхуекІуэну Іэмалхэмрэ сахуэхьэзырт. Си гугъэмкІэ, Іэнкун хъуымэ, псори лъэпкъжынущ. Зы мардэ гуэрым зэ утеува хъуамэ, абы укъытемыкІыу убэнэн хуейуэ араща.

- Уэ езым нэсу зыхэпщІэжрэ, кьапщтэмэ, уи гъащІэ псор къызэрызэбгъэпэщыжар?

- Иджыпсту сэ къызгурыІуэр зыщ: си Іэм «дыщэр» зэрыІэщІэпльырщ. Пщэдей гурыщІэ гуэрхэр къысльихьэнуми сщІэркъым *(погуфІыкі)*.

ЗУБКО Илья.
Рио-де-Жанейрэ.

И адэшхуэ-анэшхуэм я гъусэу. Мы ныбжьым итущ зэкъуэшхэм зыгъэсэн щыщІадзар.

И адэ-анэмрэ ипхъу цІыкІумрэ я гъусэу.

Чемпион зэрыхъунум шэч къытрахьэртэкъым

Мазэ хъуа къудейуэ араща Мудрэн Беслъэн илъэс 30 зэрырикъуэр. Абы и юбилейр щагъэлъэпІа мафхэм зыфхьэлІат и благъэхэмрэ и Іыхьлыхэмрэ. Псори абы екъуэфхьурт и мурад нэхъыщхьэр кьехъуІэну: Олимп джэгухэм я чемпион хъуну. Нобэ ар абы хуэзфІэкІащ. А Іуэхугъуэм щымыгуфІыкІауэ зы адыгэ мы дунейм тету къыщІэкІынкъым.

Олимпиадэм щыкІуэм езыгъажьэхэм ящІыгъуу.

ОЛИМП лъагапІэм дэкІуеин и пэкІэ, Краснодар крайм дзюдомкІэ и федерацэм и президент, Мудрэным и тренер Бабаян Рудольф жиІат, ди щІалэм щхьэкІэ гузавэми, абы и мурад нэхъыщхьэр зэрыэригъэхьулІэнри. Шэч лъэпкъ кьызэрытримыхьэр. Олимп джэгухэм я чемпион хъуа Мудрэныр езыгъэжьаэм яхэтат и адэ-анэр, ипхъу цІыкІур. Шэч хэлъэкъым ахэр имыгъэкІытэн папщІэ псоми я зэхуэдэ хъуэпсапІэр зыІэримыгъэхьауэ абы кьызэримыгъэзэжынум.

Апхуэдэуи, сыткІи дэІэпыкъуэгъу къыхуэхъуат и къуэш Мудрэн Аслъэн. Езыр кьыщыхьуа Бахьсэн къалэ пэжыжьэми, гукІэ хуэгузавэу абы кьыкъуэтахэм я бжьгъэм ущІэмыупщІэхэз.

Иужьрей илъэсхэм спортсмен щІалэм и унагъуэр и гъусэу щыпсэуар Армавирщ. А къалэм самбэмрэ дзюдомкІэ и спорт школым зыщигъэсащ. Нобэ Олимп джэгухэм я чемпион хъуа Беслъэн Урысей, Европэ, Дунейпсо чемпионатхэм ныІэ-мыпІэу текІуэныгъэ нэхъыщхьэхэр щиубыдащ. Абы щыгъуэми зэгуэр Мудрэныр зыщІыхьауэ щыта спортзалым къыщыжриІат ар кІасэу яхуэкІуаУ...

ЩІалэр илъэс 13-м итт спортым щыдихьэхам. Беслъэнрэ абы и къуэш Аслъэнрэ я адэ-анэм ямыщІэу бэнэкІэм зыхуагъасэу щІадзат. ЩІалэхэм я адэр абыхэм ящІа мурадым арэзы текъуатэкъым, ар гуэравэрт еджэныр Іэпэдэгъэлэп ящІынкІэ. Абы и бынхэр спортым кууу зэрыхэпщІар щызыхищІар тренерыр къакІуэу сабийхэр зэхьэзэхуэм ишэну кьыжриІа нэужьт.

Спортсмен цІэрыІуэхэм я адэ Мудрэн Заудин иджы иорогушхуэ и къуэхэм, уеблэмэ къытохьэлъэ ахэр зыІууэ лъэпощхьэпохэр, хуабжьу иорогуфІэ я ехьулІэныгъэхэм. Чемпионым и адэ-анэр, и щхьэгъусэр, ипхъу цІыкІухэр пэжу кьыкъуэтщ, аращ абы иКІуэт щІимыщІэри.

Мудрэныр Олимпиадэм щыкІуэм и унагъуэм, и Іыхьлыхэм я мызакъуэу, и ныбжьэгъуэхэми, гъунэгъуэхэми, уеблэмэ Бахьсэн къалэм щыщ куэдми ирагъэжьащ. КъэмыкІуэфахэри къыщыгугъуныгукІэ къызэрыкІэлъыкІуэтам шэч хэлъкъым. Ахэр пхуэгъэуКІытэнт?!

Мудрэным ипхъу нэхъыщІэ Эсминэ зэрыхьур зы илъэсщ. Ауэ спортсменым ипхъу нэхъыжь Самирэ иорогушхуэ и адэ-чемпионым, иКІи гъуэгу щытеувэм щыгъуэ ищІэрт абы текІуэныгъэр кІихьауэ къызэригъэзэжынур.

УЭРКЪ Жыраслъэн.

Беслъэн дзюдомкІэ кІасэу зыгъэсэн щІидзами, ехьулІэныгъэ зыІэриІэхьэн хуэзфІэкІащ.

И адэ-анэр, и унагъуэр и гъусэу.

УЭРЭЗЕЙ Афлик Пщымахуэ и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лъэпкъ щэнхабзэм хэщІыныгъэ хьэлъэ игъэтащ. Дунейм ехьажащ усакІуэ, зэдзэкІакІуэ гъуэгуанэ, республикэм щыщІэрыІуэ журналист Уэрэзей Афлик Пщымахуэ и къуэр.

Уэрэзей А. П. 1947 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м Бахьсэн районым щыІэ Къулькъужькин Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха иужь, 1965 гъэм и дыгъэгъазэм кьыщыщІэдзауэ 1966 гъэм и щэкІуэгъуэр къэсыху, унэуэхуэ комбинатым бетон игъэжу щыпэжьащ, 1966 гъэм и щэкІуэгъуэм кьыщыщІэдзауэ 1968 гъэм и дыгъэгъазэр къэсыху Совет Армэм къулыкъу щиІащ. Дзэм къыхэкІыжа иужь унэуэхуэ комбинатым игъэззэкри, 1971 гъэм и бадзэуэгъуэ пщІондэ абы щылэжьащ. 1971 гъэм къыщыщІэдзауэ 1973 гъэр къэсыху КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щеджащ. 1973 гъэм Горький М. и цІэр зезыхьэ Литературэ институтым щІэтІысхьэри, 1978 гъэм къиухащ.

Щалъхуа лъахэм къигъэзэжа иужь «Ленин гъуэгу» газетым и редакцием зэдзэкІакІуэу, корреспонденту, кьудамэм и унафэщІу щылэжьащ. 1989 гъэм «Іуащхьэмахуэ» журналым художественнэ публицистикэмкІэ и къудамэм и унафэщІу, 1992 гъэм и щэкІуэгъуэм къыщыщІэдзауэ «Нур» сабий журналым и къудамэм и редакторэ, 2003 - 2005 гъэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу лэжьащ.

Уэрэзей А. П. Урысейм и ТхакІуэхэм я союзымрэ Журналистхэм я союзымрэ хэтащ. Усэхэр тхын щиДзащ школым щыщІэса илъэсхэм. Ахэр щызэкъуэхьэса «Ялэ лъэбакъуэ» тхылъыр 1973 гъэм дунейм кьытехьащ. Иужькі кьыдэкІащ Уэрэзей Афлик и нэгуэщІ тхылъэри «Нэхущ удж» (1985), «Іуащхьэжь» (1997), «Насыпыпи и зэманхэр» (1991), «Дыжьын Іэлъын» (1993), нэгуэщІхэр.

Ар тетхьхащ къыдалъхуа лъэпкъым и блэкІамрэ и иджырей гъащІэмрэ, и лъэхъэнэгуэхэм я псэкупсэ дуней кьулейм, дяпэ итахэм къытхуагъэна хабзэфІхэм, ди тафэ дахэхэмрэ уэс кьуршыщхьэхэмрэ. Уэрэзейр зэдзэкІакІуэ Іэзэт. Абы и фІыгъэкІэ урыс, хамэ къэрал литературэхэм я классик куэдыр адыгэбзэ щэрыуэкІэ къыдэпсэлъащ.

Уэрэзейм и лирикэ лЫхьжьхэр дэ дольагъу гу къабзэрэ псэ дахэрэ зиІэ цІыхуху. Абыхэм дагъащІэ дыкъэзыухуэреихь дунейм дыщызыгъэпІейтейхэмрэ дыщызыгъэгуфІэхэмрэ. Езыр щалъхуа кьуажэм кьеГъащІылІа щыпІэ псоми я цІэхэр куэд щІауэ щопсэу Уэрэзей Афлик и лирикэ усэхэм.

Дэсытщыгъуи дыщыщІэнущ абы хэлъа хьэлыфым, гуапагъэм, гудзакъэм иКІи хуабжьу щэрыуэу щыта и гушыІэхэм. Уэрэзей Афлик Пщымахуэ и къуэм и фэеплъ нэхур игъащІэкІэ дигу илъынщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ
КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитет
КъБР-м и ТхакІуэхэм я союз
КъБР-м и Журналистхэм я союз

• Фэеплъ

Утщыгъупщэнукъым

Араща дэ иджы кьытхуэнэжьр: дызэрилэжьэгъуэм и мызакъуэу, ди ныбжьэгъуфІу, егъэлеиныгъэ гуэри хэмылъу жыпІэнщи, псоми фІыуэ тльагъуу щыта Уэрэзей Афлик Пщымахуэ и къуэр зэрытІэщІэкІам теухуауэ.

Хуабжьу хьэлъащ дыгъуасэ нэжэгужэу, и гушыІэкІэм дэрэжэгъуэ кьыдиту кьытхэта а цІыху гъуэзэджэр зэрыщымыІэжьым деувэлІэну. Арщхьэкіэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар Алыхьым апхуэдэу ихуа Іуэхущ.

Уэрэзей Афлик и къежьэкІыкІар телъыджэ дыдэщ. Кьулъкъужьи Ипщэ адыгэ къуажэжьым кьыщалъхуа Афлик щІалэщІэу игъэунэхуащ лэжьыгъэри, абы кьуит гу псэхугъуэри. Зи гъащІэ псор мэлыхьуэу езыхьэкІа и адэ Пщымахуэ ар сабийуэ куэдрэ гъэмахуэ хьупІэжэм ишащ. Ди лъахэм и щІыпІэ телъыджэхэм ятхьэкъуэ щІалэ цІыкІум и хьэпыр абдеж щызэфІэуващ: Іуэхум пимыкІуэтыныр, и гъусэхэр зэи имыгъэщІэжыныр. Уэрэзейр мэлыхьуэхэм я Іэпыдзлъэпыдзт, езыми хьушэр игъэхъуну дзыхь кьыщыхуащІи куэдрэ къэхьурт. Къуэ куурэм дыхьэурэ псынэпс кьыдихьрт. Абдеж щилъэгуэ дахагъэмрэ щызыхиущІа гупсэхугъуэмрэ уэсэ тхыным трагъэгушхуауэ кьыщІэкІынущ. Иджы дэ фІыуэ дыщыгъуаззщ абы къэбэрдей литературэр зэриГъэбеям. УсакІуэм теухуауэ куэд жаІащ, дяпэкІи жаІэнущи, кьытедгъэзэжынкъым, дэ нэхъ зытедгъэщІэнур, уэсэ тхыным хуэдабзэу, уеблэмэ нэхъ хуэІэзэу пІэрэ жьыуиГъэІэу, илъэс куэдкІэ зыпэрыта газет лэжьыгъэрщ.

Афлик журналист гуащІафІэу иКІи акъылыфІэу щытащ жыпІэнэр мащІэщ. Ар щхьэх зымыщІэ цІыхут. Горький М. и цІэр зезыхьэ Литературэ институтыр Москва кьыщыуха иужь, зэдзэкІакІуэу лэжьэн щщыщІдза «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым и редакцэм сыт хуэдэ Іэнатіэ щримыхьэкІами, кьыхэжаныкІын хуэзфІэкІащ. Махуэ псом къэмыхъейуэ пэрысфырнут тхыгъэхэр зэрыбгІэзэрытридзэ машинкэ цІыкІум, етІуанэ пщэдджыжьым нэху мыщу редакцэм кьакІуэрт имыуха лэжьыгъэр Іэмал зэрэІэкІэ нэхъ жьыуэ и кІэм нигъэсыжыну. Хэбгъэзыхьмэ, и ныбжьэгъу-жьэрэгъуэхэм «строкамин» цІэр гуащІэу кьыщащат - зыкІи зэгъэзэхуэжьи хуэмейуэ сатыр мин (зы газет напэ псо) итын жьыхуІэр абы и дежкІэ зыми щыщтэкъыми. Ари пІэщІэгъэкІэ номерым ирагъэувэн хуейуэ. Абы щыгъуэми, зэрынэщхьыфІэт, и гушыІэнри къигъанэртэкъым, зи лэжьыгъэм нэхъ емыхъулІэхэми ядэІэпыкъуфырт. А псоми кьыщыдэхуэм усэ итхыну, усакІуэ пажэхэм я тхыгъэхэр зэриздзэкІыну зэман кьигъэтырт.

Апхуэдэ цІыху хъарзынэм езым хуэфащэн унагъуэ дахи иІэжт. Литературэ институтым щыщеджам цІыхугъэ, иужькІэ щхьэгъусэ кьыхуэхъуа осетин бзылъхугъэ Луизэ псэуухкІэ кьыдэгъуэгурыкІуащ, и пщІэмрэ щІыхьымрэ кьиІэту. Ар езыри республикэ псом кьыщащІыкІу журналисткэ Іэзэщ. А тІум гъащІэм хъарзынэу хагъэзэгъэфащ я бынитІыр.

Уэрэзей Афлик и псэугъуэ дахэт, и лэжьыгъэм хуэгукъабзэт. КъыздикІар дымыщІэ узым зэщІиубыдами, псэухукІэ хуэзфІэкІ кьигъэнакъым, и цІыхугъэми и хьэлми зыкІи захъуэжакъым.

ЗыхэтщІэну гугъущ апхуэдэ цІыху дахэм зэрынэжэгужэм хуэдэу дяпэкІэ сэлам кьыззэрыдимыхьыжынур, и гушыІэ дахэхэмкІэ кьыззэрыГъэІуэфынур зыщ: и фэеплъ нэхур дигу идгъэлъынырщ. Утщыгъупщэнукъым, Афлик!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

Редактор нэхъыщхьэм и ялэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэбІыщІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмышІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщалъэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэуэгурыуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **НафІэдэ Мухьэмэд,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужькокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 3.538 • Заказ №1144

• Хъуэхъу

Нобэ илъэсипІ мэхъу Аргудан къуажэм и «Нур» сабий гъэсапІэм кІуэ Бэджэрт Алий. Адыгэ фащэ зэкІужьр фІыуэ зыльагъу Алий цыкІу и Іыхьлыхэр хуохъуахъуэ лъэпкъыр, хэралыр зэрыгушхуэ щІалэ щыпкъэ кьыхэкІыну!

КъБКъУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ зыгъэпсэхупІэм - «Августёнок-2016»-м щыІэхэм я деж иджыблагъэ щыхьэщІащ КъБКъУ-м и ректор Алътуд Юрийрэ Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Нэгъуей Риммэрэ.

НЫБЖЬЫщІЭХЭР фІэхъус флэш-мобкІэ япежьащ хьэщІэ лъапІэхэм. Иужькі я хэщІапІэр ирагъэпльэгъуащ, я псэукІэ-щыІэкІэм щыгъуазэ хуащІащ. А псори зи гуапэ хъуа хьэщІэхэр ныбжьыщІхэм ехъэхъуащ узыншэу, бэІутІэІуншэу лагерым зэрыщІэну пІалъэр кьрахьэлІэну, а зэманыр Іэхэфхэмкіэ гъэнщІауэ, купщІафІэу ирахьэкІыну.

- Ди университетыр щыщыІэр, псом ялэрауэ, фэращ, студентхэращ. ЩІалэгъуалэм щІэныгъэ куу етыным гулъытэ хэха щІыхуэтІупи араща, - жиІащ Алътудым. - Жыджэру фыхэт гъащІэм, фымыщІэр зэзгъащІэ, ффІэхьэлэмэтхэм фащІэупщІэ. Дэ дапщэщи дыфхуэхъунущ чэнджэщэгъуи унэтІакІуи.

Ректорым и псалъэхэр диныгъащ Нэгъуей Риммэ. Абы ныбжьыщІэхэр кьыхуриджащ я адэ-анэхэр, кьыщалъхуа я щІыналъэр, зыщыщ кьэралыр фІыуэ ялъагъуу псэуну, гъащІэм я уІыпІэ щагъэтыныи ехьэхъуащ.

Хьэлэмэту иКІи купщІафІэу еКІуэкІащ хьэщІэхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я зэпІущІ. Студентхэри школакІуэ нэхъыжьхэри ректорым еупщІащ езыхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэмкіэ. Университетым щекІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм лэжьыгъэм щытепсэльыхьым, Алтудым ныбжьыщІэхэм яжриІащ абы Іуэху зехьэкІащІэхэр къызэрыхьхьэ. Къапщтэмэ, 2017 гъэм кьыщыщІдзауэ КъБКъУ-м и студентхэм зыуэ щыт картэ яІэнущ. Абы хэтынущ студент билетри, еджапІэм зэрыщІыхьэ пропускри, стипендие къызэрыратри, зэреджэ билетри, дисконт картэри. Апхуэдэу мы гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу университетым къыщызэІуахынущ футбол ущыджэгу хуэ губгъуэ, удэ Іэрыщ ІкІэ къыщыкІауэ.

ХьэщІэхэри бысымхэри зэхуэзэрзыуэ, зым адрейм фІыщІэ хуищу зэбгрыкІыжащ. Шэч хэлъкъым а зэхуэзэр студентхэми школакІуэхэми гукъинэж зэращыхьунум.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

• Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

«Августёнок-2016»-м хуеблэгъахэр